International scientific journal "Interpretation and researches"
Volume 1 issue 11 (57) | ISSN: 2181-4163 | Impact Factor: 8.2

# DÓRETIWSHILIK MEKTEPLERINDE TÁLIM SAPASÍN RAWAJLANDÍRÍWǴA INNOVACIYALÍQ QATNAS

**Kazimbetova Ziyuar Maxsetbaevna**
Ájiniyaz atındaǵı pedagogikalıq institutı doktorantı (DSc),
Filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD),
kazimbetovaziywar@gmail.com

**Annotaciya.** Búgingi bilimlendiriw procesinde tálim sapasın rawajlandırıw ushın maqsetli reformalar ámelge asırılmaqta. Solardan biri jańa bahalaw sisteması bolıp, bul sistema oqıw iskerliginde joqarı nátiyjege erisiw jolındaǵı sistemalı joybar esaplanadı. Jańa bahalaw sisteması "bilimlendiriwdegi summativ bahalaw" túsinigi menen sinonim sıpatında qollanıladı. Bilimlendiriwdegi bul bahalaw – oqıwdıń maqsetine erisiwi ushın birinshi qádem bolıwı menen birge, oqıwshılardıń tiyisli bahasın anıq kriteriyalarǵa tiykarlanǵan halda kórsetip beriwshi usıllardıń biri.

Summativ bahalaw jáhán standartları úlgisinde alıp barılıwıshı nátiyjege tiykarlanǵan bahalaw usılı. Bul bahalaw usılı arqalı oqıwshılardıń teoriyalıq, ámeliy hám metodikalıq xarakterdegi bilimleri bahalanıp barıladı. Solay eken, bul bahalaw usılı arqalı olarda belgili bir qábiletler jetilisip baradı. Biz bul maqalamızda oqıwshılardı bahalawdıń jańa summativ formasınıń tálim menedjmentine tásiri haqqında ilimiy kózqaraslarımızdı keltirip óttik.

**Tayanısh sózler:** úzliksiz tálim sisteması, reformalar, jańa bahalaw sisteması, summativ bahalaw, tálim menedjmenti

## KIRISIW

Hárqanday mámlekettiń kúsh-qúdireti onıń intellektual dárejesi menen belgilenedi. Bul bolsa tikkeley tálim sapasına baylanıslı. Jámiyet hám tálim birgelikte bir sistemanı payda etedi. Jámiyette júz berip atırǵan hárqanday global procesler tálim baǵdarında óz sáwlesin tabadı. Úzliksiz tálim sistemasında ámelge asırılıp atırǵan keń qamrawlı reformalar, tálim sapası hám nátiyjeliligin arttırıw maqsetinde oqıw orınları jumısın jetilistiriwge baǵdarlanǵan tálim baǵdarlamaları, húkimet qararları, tálim-tárbiya procesi qatnasıwshılarına qaratılıp atırǵan itibar, olar ushın jaratılıp atırǵan sharayatlar, tálim sapasın asırıwdaǵı bar bolǵan mashqalalardıń sheshimin tabıw tálim mazmunın jetislistiriw menen bir qatarda, onıń sapasın ilimiy tiykarda basqarıwdı da talap qılmaqta.

"Sapa" túsinigi pedagogika páninde: bir predmet yaki hádiyseni basqasınan ajıratıwda úlken áhmiyetke iye bolǵan belgiler, ózgeshelikler; sonday-aq, ol yaki bul ózgesheliklerdiń joqarı dárejege ósiwin kórsetiwshi process, arnawlı kriteriya esaplanadı.

“Tálim sapası” sózi mámleketimizde birinshi ret 1997-jılda Ózbekstan Respublikası “Bilimlendiriw haqqında”ǵı Nızamı hám Kadrlar tayarlawdıń milliy baǵdarlamasınıń tálim sapası ústinen mámleket qadaǵalawın ornatıwǵa arnalǵan statiya hám bólimlerinde rásmiy túrde belgilep ótildi[10]. Bul bolsa óz náwbetinde sapanı támiyinlewge qaratılǵan birqatar ámeliyatlar hám teoriyalıq konsepciyalardıń jaratılıwına túrtki boldı.

Tálim sapası degende tek ǵana tálim alıwshılar iyelegen bilim, kónlikpe hám mamanlıqlardıń mámleketlik bilimlendiriw standartlarına sáykes keliwi túsinilmesten, al hárbir pedagog hám basshınıń belgili bir baǵdarda sapalı tálim xızmetin támiyinlewi, yaǵnıy oqıw ornınıń jemisli túrde jumıs alıp barıwı túsiniledi.

Prezident hám dóretiwshilik mektepleri — bul zamanagóy bilimlendiriw sistemasınıń jetekshi hám innovaciyalıq mákemeleriniń biri bolıp, olar jas áwladtıń dóretiwshilik hám intellektual oy-órisin rawajlandırıwǵa qaratılǵan oqıtıw sistemasına iye.

Bul mektepler ózine tán oqıtıw metodikası, arnawlı baǵdarlamaları hám sapalı oqıtıw procesi menen ajıralıp turadı. Bunday mákemeler oqıtıw sistemasında óziniń joqarı ilimli, pikirlew qábileti tereń, dóretiwshi kadrlardı tayarlaw menen birge, jámiyettiń sociallıq hám ekonomikalıq jaqtan ósiwi ushın óz úlesin qosa aladı.

Prezident, dóretiwshilik mekteplerinde qollanılatuǵın bahalaw sisteması bul mekteplerdiń nátiyjeli jumıs alıp barıwına xızmet etetuǵın tiykarǵı mexanizmlerdiń biri. Bahalaw sisteması tek ǵana oqıwshılardıń bilim alıw procesin qadaǵalawda emes, al olardıń jeke rawajlanıwına da tásir kórsetedi.

Bahalawdıń anıq, ádil hám nátiyjeli sisteması oqıwshılarǵa ósiwi, óz bilimin jetilistiriwine járdem beredi. Bul process oqıwshılardı ózleriniń dóretiwshilik iskerligin kórsetip beriwine iytermeleydi hám olardıń tálim alıwına motivaciya beredi. Bahalaw sisteması oqıwshılardıń bilim dárejesin ólshew, olardıń kúshli táreplerin anıqlaw hám olardıń rawajlanıw tendenciyaların belgilewde de áhmiyetli esaplanadı. Prezident, dóretiwshilik mekteplerindegi bahalaw sisteması oqıwshılardıń maqsetke erisiwindegi eń jaqsı jollardı kórsetedi, kemshiliklerin anıqlap, olardıń bilimindegi boslıqlardı konkret kórsetip, olardıń ústinde islewine járdem beriwge baǵdarlanǵan.

## ÁDEBIYATLAR TALQÍSÍ HÁM METODOLOGIYASÍ

Tálim sapasın basqarıw teoriyasınıń tez pát penen rawajlanıwı ótken ásirdiń 40-jıllarınıń aqırı hám 50-jıllarǵa tuwrı keledi. Usı dáwirde A.Feygenbaum (Armand V.Feigenbaum) sapanı islep shıǵıw, sapanı qollap-quwatlaw, jetilistiriw basqıshlarınan ibarat Sapanıń Ulıwmalıq Qadaǵalawı (Total Quality Control) túsinigin kirgizdi.

Búgingi kúnge kelip TQCdiń birneshe tiykarǵı (Yaponiya, Amerika, Evropa) “mektep”leri bar. Sonlıqtan bolsa kerek, TQCdiń tiykarın belgilewshi kriteriyalar

[10] Kadrlar tayarlawdıń milliy baǵdarmalası. – T.: 2007.

muǵdarı haqqında qánigeler ortasında ele bir toqtamǵa kelinbegen. Tiykarǵılar sıpatında tómendegi kriteriyalar basshılıqqa alınadı:

1. Mákemelerdiń tutınıwshıǵa qaratılǵanlıǵı.
2. Basshılıqtıń roli.
3. Jumısshılardı tańlap alıw.
4. Sistemalı qatnas jasaw.
5. Basqarıwdaǵı sistemalılıq.
6. Úzliksiz jetilistirip barıw.
7. Dálillerge tiykarlanǵan qararlardı qabıl etiw.
8. Támiyinlewshiler menen óz ara nátiyjeli múnásibetler[11].

Dúnyanıń kóp ǵana mámleketlerinde ónim, xızmet, jumıs hám onıń procesiniń joqarı sapasın támiyinlewge baǵdarlanǵan húkimet, firma hám kompaniyalar basqarıwınıń úlken háreketleri nátiyjesinde sapanı arttırıw milliy ideyaǵa aylandı.

Prezident, dóretiwshilik mekteplerindegi bahalaw sistemasınıń nátiyjeliligi hám onıń oqıwshılarınıń dóretiwshilik rawajlanıwına tásirin úyreniwge imkaniyat jaratadı. Izertlewde tómendegi usıllar tiykarında úyreniw jumısları ámelge asırıldı:

**Eksperimentallıq metod:** Izertlewde Prezident, dóretiwshilik mekteplerindegi bahalaw sistemasınıń tásirin anıqlaw ushın eksperimentallıq metod qollanıldı. Bul metod járdeminde bahalaw sisteması oqıwshılardıń dóretiwshilik jumısına qanday tásir etiwin úyreniw ushın eksperimentler ótkeriledi. Izertlewdiń eksperimentallıq bólimi, oqıwshılardıń bahaları, dóretiwshilik kónlikpeleri hám ulıwmalıq rawajlanıwdaǵı ózgerislerdi baqlaw arqalı sistemanıń nátiyjeliligin bahalawǵa imkaniyat jaratadı.

**Kontent analizi**: Izertlewde kontent analizi usılınan da qollanıldı. Bul usıl arqalı oqıwshılardıń jumıslarında, olardıń dóretiwshilik joybarlarında, baǵdarlamalarda yaki bólim bahalaw jumıslarında kórsetilgen nátiyjeler analiz qılınadı. Kontent analizi oqıwshılardıń jaratqan materiallarındaǵı dóretiwshilik dárejesin hám bahalaw sistemasınıń oqıwshılarǵa tásirin anıqlawda járdem beredi.

**NÁTIYJELER HÁM DODALAW**

Prezident, dóretiwshilik mekteplerinde qollanılıp atırǵan bahalaw sisteması oqıwshılardıń jeke rawajlanıwına úlken tásirin tiygizbekte. Izertlew barısında alınǵan maǵlıwmatlar tiykarında birneshe áhmiyetli nátiyjelerge erisildi. Birinshiden, bahalaw sisteması oqıwshılardıń dóretiwshilik dárejesin ósiriwde áhmiyetli rol oynaydı. Oqıwshılar oqıw procesinde ózleriniń jańa ideya hám joybarların ámelge asırıwda kóbirek motivaciya berilgen. Bul óz náwbetinde olardıń dóretiwshilik pikirlewi, máselelerdi sheshiw qábiletlerin rawajlandıradı. Oqıwshılar tárepinen

---

Abdullayeva Sh, Askarov A. Umumiy pedagogika. – T.: 2019. 258-b.

ámelge asırılǵan jumıslar, olardıń erkin pikirlewi hám jańadan jańa ideyalardı turmısqa engiziwdegi háreketlerinde kórindi.

Bul Prezident, dóretiwshilik mekteplerinde qollanılıp atırǵan bahalaw sistemasınıń jemisli jumıs alıp barıp atırǵanlıǵın kórsetedi[12].

Ekinshiden, bahalaw sisteması oqıwshılarǵa ózlerin bahalaw hám jetiskenliklerge erisiwi ushın anıq hám ádalatlı kriteriyalardı usınadı. Oqıwshılar ózleriniń kúshli hám hálsiz táreplerin túsinip, qaysı táreplerin rawajlandırıw kerekligin anıqlay aladı. Izertlew nátiyjelerinen kóringenindey, bul bahalaw sisteması oqıwshılar hám oqıtıwshılar arasındaǵı kommunikaciyanı da jetilistirip baradı. Oqıtıwshılar óz oqıwshıları menen tez-tez individual túrde sáwbetler ótkerip, olardıń dóretiwshilik jumısları hám ideyaların úyrenedi. Bul process oqıwshılardıń jetiskenliklerin bahalaw hám olarǵa jáne de motivaciya beriw imkaniyatın beredi. Sonday-aq, bahalaw sisteması oqıwshılardı básekige shıdam beriwshi kadrlarǵa aylandırıwǵa járdem beredi[13]. Oqıwshılardı tek ǵana bilimge emes, al dóretiwshilik qábiletler hám jámáátlik jumıslardı jemisli ámelge asırıwǵa da jol kórsetedi. Bul olardıń keleshektegi kásiplik iskerliginde de úlken payda keltiredi. Oqıwshılarǵa joybarlar hám topar jumısları arqalı baha beriw, olarda birge islesiw, mashqalanı sheshiw hám jańa ideyalardı islep shıǵıw kónlikpelerin rawajlandırıwǵa járdem beredi.

Nátiyjelerge itibar bersek, Prezident, dóretiwshilik mekteplerindegi bahalaw sisteması oqıwshılardıń jeke hám akademiyalıq rawajlanıwına tikkeley tásir kórsetedi. Bul sistema tek ǵana oqıwshılardıń bilim dárejesin asırıp qoymastan, olardıń sociallıq jaqtan belgili kónlikpelerdiń rawajlanıwına da xızmet etedi. Bunday sistemanıń qollanılıwı oqıwshılardıń kásiplik iskerliklerinde jetiskenlikke erisiwine, sonday-aq, olar ózleriniń kónlikpeleriniń tolıq ósiwine járdem beredi. Sebebi bul bahalawdaǵı hárbir tapsırma balanıń jas hám biliw, pikirlew kónlikpeleri tiykarında, ólshemli túrde dúziledi. Hárbir tapsırmaǵa biliw, qollanıw hám pikirlew talapları qoyıladı.

## JUWMAQ

Izertlew dawamında úyrenilgen nátiyjeler sonı kórsetedi: bahalaw sisteması oqıwshılardıń erkin pikirlewi hám dóretiwshilik qatnasta bolıwına túrtki boldı.

Oqıwshılardıń bilim dárejesi menen birge, dóretiwshilik qábiletleri de anıq hám ádalatlı kriteriyalar tiykarında bahalanadı. Bahalaw sisteması oqıwshılarǵa úlken múmkinshilikler esigin ashadı. Sebebi usı bahalaw kriteriyası tiykarında oqıwshılardıń ózlerinde de ádalat hám izleniwsheńlik kúsheyedi.

---

[12] https://lex.uz/docs/-6862155

[13] chrome-extension://efaidnbmnnnibpcajpcglclefindmkaj/https://sharoitplus.uz/wp-content/uploads/2022/09/baholash-mezonlari.pdf

**Paydalanılǵan ádebiyatlar dizimi:**

1. Abdullayeva Sh, Askarov A. Umumiy pedagogika. – T.: 2019. 360 b.
2. Xodjaeva, D. (2020). Oʻqituvchilarning kasbiy rivojlanish jarayonida yangi baholash tizimlarining oʻrni. Toshkent: Oʻzbekiston Respublikasi Oliy va oʻrta maxsus ta'lim vazirligi nashriyoti.
3. Karimova, Z. (2019). Ijodiy maktablarda baholash tizimining oʻquvchilarga ta'siri. Journal of Education and Psychology, 11(2), 45-52.
4. Islomova, S., & Tashkent, M. (2021). Yangi metodlar asosida ijodiy maktablarda oʻquvchilarning muvaffaqiyatini baholash: Muammolar va echimlar. Tashkent: Innovatsion ta'lim nashriyoti.
5. Piima.uz. (2022). Agentlik tizimidagi ixtisoslashtirilgan va ijod maktablarida yangi baholash tizimi.
6. Piima.uz. (2022). Prezident maktablari tajribasi asosidagi baholash tizimi umumta'lim maktablarida ham joriy etiladi.
7. Lex.uz. (2022). Ijod maktablari faoliyatini yanada rivojlantirish konsepsiyasi loyihasi.